**दिन—बुधवार** **दिनांक—25.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

आइ बिहार विधानमंडलक बजट सत्र सुचारू रूप सँ चलल। विधानसभा मे आइ प्रश्नोत्तर कालक कार्यवाही शांतिपूर्ण संपन्न भेल। सदस्य सभ आवास योजनाक लाभार्थीक चयन मे गड़बड़ी मुद्दा उठौलनि। एहिक संग शराबबंदी नीति कँ लऽकऽ सेहो सदन मे प्रश्न उठाओल गेल। भोजनावकाशक बाद सदनक कार्यवाही शुरू भेल तऽ पूर्व निर्धारित कार्य सूचीक अनुरूप गैर सरकारी सदस्य सभक गैर सरकारी संकल्प सभ पर चर्चा भेल। जाहि मे सभ संकल्प कँ सरकार सँ साकारात्मक आश्वासन भेटलाक बाद आपस लऽ लेल गेल। कुल एक सय चालीस गैर सरकारी संकल्प सभ पर चर्चा भेल। एम्हर, विधान परिषद मे सेहो आइ कार्यवाही सुचारू रूप सँ चलल।

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आइ तीन दिवसीय बिहार दौरा पर किशनगंज पहुंचलाह। श्री शाह राज्यक सीमावर्ती जिला सभ विशेष कऽ पूर्णियां, किशनगंज आओर अररिया मे सुरक्षा उपाय, प्रशासनिक तैयारी आओर विभिन्न विकास परियोजना सभक समीक्षा करताह। केन्द्रीय गृह मंत्री श्री शाह मेची सभागार मे उच्च स्तरीय बैसार करताह। केन्द्रीय गृह मंत्री सभ सात सीमावर्ती जिलाक जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक सभक संग कतेको बिंदु पर चर्चा करताह। बैसार मे केन्द्रीय गृह सचिव गोविन्द मोहन, खुफिया ब्यूरो के निदेशक तपन डेका आओर एसएसबी, ईडी, आईबी जेहेन केन्द्रीय एजेंसी सभक वरिष्ठ अधिकारी सेहो शामिल हेताह।

---

केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे सरकार उरर्वक सभक उपलब्धता कैँ मजगूत कऽ रहल अछि। ओ नई दिल्ली मे एकटा कार्यक्रम मे कहलनि जे सरकार नकली किटनाशक सभक बिक्री पर अंकुश लगा रहल अछि। श्री सिंह जनौलनि जे किसान कैँ ऋण सुविधा प्रदान करबाक लेल जल्दिए किसान पहचान पत्र जारी कयल जायत। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री फसल बीमा योजनाक तहत किसान सभ कैँ लगभग एक लाख बानवे हजार करोड़ टाका वितरण कयल गेल अछि।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय कक्षा आठक एन.सी.ई.आर.टी. पाठ्य–पुस्तक मे न्यायपालिका मे भ्रष्टाचारक उल्लेखक स्वतः संज्ञान लैत एकरा गंभीर चिंताक विषय बतौलनि। मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकांत आओर न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची आ विपुल एम. पंचोलीक पीठ एहि मामिलाक सुनवाई कयलाह। मुख्य न्यायाधीश कहलनि जे बार एसोसिएशन आओर पीठ दुनू एकरा सँ वंचित अछि। ओ कहलनि जे न्यापालिकाक न्यायाधीश सेहो एहि मुद्दा पर विचलित छथि। कक्षा आठक समाजिक विज्ञान, एन.सी.ई.आर.टी. के नव पाठ्य–पुस्तकक अनुसार भ्रष्टचार लंबित मामिलाक भारी बोझ आओर न्यायाधीश सभक कमी न्यायिक प्रणाली के सोझा आबऽ बला चुनौती मे सँ आछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय महिला आयोगक सदस्य ममता कुमारी आइ मधुबनीक विकास भवन मे आयोजित जन सुनवाई कार्यक्रम मे महिला सभक समस्या के सुनलथि। ओ **आयोग आपके द्वार** कार्यक्रम के तहत विभिन्न मामिलाक त्वरित निष्पादनक निर्देश देलनि। श्रीमती ममता कहलनि जे महिला सशक्तिकरण के लेल शिक्षाक प्रचारक संग बाल–विवाह पर पूर्ण रोक जरूरी अछि। ओ एहि कार्यक्रमक अंतर्गत काल्हि बेगूसराय मे महिला जनसुनवाई कार्यक्रम मे शामिल हेतीह।

———————————————————————

मधुबनीक सकरी स्थित चीनी मिल कैं फेर सँ चालू करेबाक लेल प्रक्रिया शुरू कऽ देल गेल अछि। राष्ट्रीय सहकारी चीनी कारखाना महासंघक विशेषज्ञ सभ आइ सकरी मे स्थल निरीक्षण कयलाह। एहि मध्य भूमिक स्थिति, संपर्क पथ, जल उपलब्धता, परिवहन सुविधा, विद्युत व्यवस्था समेत आन तकनीकी आओर भौगालिक बिंदु सभक समीक्षा कयल गेल। विशेषज्ञ सभ स्थानीय गन्ना किसान सभक संग संवाद कयलनि आओर हुनका सँ हुनकर समस्या बुझलनि। एहि मध्य जिला सहकारिता पदाधिकारी आओर जिला ईख पदाधिकारी सेहो उपलब्ध छलाह।

———————————————————————

आइ सांझ सांझ साढ़े छओ बजे सँ चेतना समिति पटना द्वारा सम्मान समारोह कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल अछि। जाहि मे गत आम चुनाव मे विजयी ओहि विधायक लोकनि कैं सम्मानित कयल जायत जे मातृभाषा मैथिली आ देव भाषा संस्कृत मे शपथ ग्रहण कयलनि।

———————————————————————

आइ पटना स्थित विद्यापति भवन मे मैथिली महिला संघ द्वारा होली मिलन समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि मे मैथलानी सभ पारंपरिक वेश–भूषा मे लोक गीत आ मिथलाक व्यंजनक स्वादक संग होली उत्सव मनौलनि।

———————————————————————

समाप्त